



Prevansyon CLABSI

Yon enfeksyon san asosye ak katetè santral rive lè bakteri antre nan san an atravè yon katetè oswa tib nan yon venn.

- Lave men w anvan w manyen, bay manje oswa kenbe ptit ou a. Lave men w apre w fin chanje kouchèt epi w fin manyen aparèy pèsònèl ou yo. Rapple founisè swen yo pou yo lave men yo.
 - Pa mete okenn rad, bijou, oswa lòt akseswa anba koud la epi evite zong long lè w ak ptit ou a. Kalite akseswa sa yo pa ka byen netwaye pa lavaj men regilye epi yo ka kenbe bakteri.
 - Lè w kenbe ptit ou a, fè atansyon ak tib la epi asire w ke li pa rive atè.
 - Evite manyen katetè santral la ak lòt tib ki sou ptit ou a. Mande founisè swen yo pou yo idantifye klèman katetè santral la sou tibebe w la epi asire w ke ou idantifye li pou vizitè yo. Mande vizitè yo pou yo pa manyen katetè santral la ak okenn lòt tib.
 - Evite manyen pansman ak bandaj ki sou ptit ou a. Si pansman yo soti, vin mouye oswa sal, di founisè swen ou yo sa imedyatman.
 - Mande founisè swen yo pou konbyen tan ptit ou a pral gen yon katetè santral epi si yo gen yon plan pou retire li.
 - Gendwa gen kèk fwa nou toujou sèvi ak yon zegwi pou bay kèk medikaman oswa pran san. Katetè santral yo gen yon seri avantaj, men nou eseye limite kantite fwa nou ale ladan li. Konsa a nou diminye chans pou bakteri antre nan katetè santral la.

